

## Ki sa yon Rekòmandasyon Chapit 688 ye?

Yon rekòmandasyon Chapit 688 se yon mwayen pou ede ajans pou granmoun, lekòl ak fanmi idantifye sèvis pou granmoun ki nesèsè pou elèv ki gen gwo andikap epi planifye pou sa alavans. Lekòl voye yon rekòmandasyon Chapit 688 anliy bay ajans pou granmoun ki ta kapab reponn a bezwen yon elèv lè elèv la gradye nan segondè oswa lè li gen 22 lane selon Ekip Pwogram Edikasyon Endiviyalize a. Ou ap jwenn yon lis ak yon deskripsyon tou kout sou ajans pou granmoun nan seksyon 2yèm Konsèy anndan bwochi sa a. Pou ou konnen ki ajans pou granmoun ki ta ka pi bon pou pitit ou a, an fonksyon bezwen li pèsònèlman, vizite “Oryantasyon pou Rekòmandasyon” (“Guidelines for Referral”) sou sitwèb sa a: [www.doe.mass.edu/sped/iep/688](http://www.doe.mass.edu/sped/iep/688)

Tanpri remake: Yon rekòmandasyon 688 pa yon demann kalifikasyon pou ajans. Lekòl voye rekòmandasyon 688 la, men se fanmi ki responsab pou yo aplike nan ajans lan. Ajans yo dwe resewa yon aplikasyon ki konplè pou yo kapab deside si elèv la ap kapab benefisye sèvis pou granmoun.



## Kilès ki ta dwe gen yon Rekòmandasyon

### Chapit 688?

Pou yon elèv gen yon Rekòmandasyon Chapit 688, li dwe:

- Benefisye yon Pwogram Edikasyon Endiviyalize (Individualized Education Program (IEP))
- Bezwen sèvis pèmanan paske li gen gwo andikap
- Pa kapab travay pandan 20 è d tan pa semèn oswa plis nan yon travay ki konpetitif

### Pou ki rezon Rekòmandasyon Chapit 688

#### enpòtan?

Pwosesis rekòmandasyon Chapit 688 la enpòtan pou de (2) rezon: (1) Li pèmèt ajans pou granmoun yo reklame fon nan men lejislati leta pou bay elèv andikape sèvis lè yo kite lekòl. (2) Rekòmandasyon Chapit 688 la enfòm ajans pou granmoun yo tou pou yo travay avèk elèv la, fanmi li, ak lekòl la pou elabore yon Plan Tranzisyon Endiviyalize (Individualized Transition Plan (ITP)) ki ap ede planifye soutyen elèv yo kapab bezwen aprè yo fin kite lekòl.

Yon seri bwochi

LINK Center - yon pwojè

Federasyon pou Timoun ki Andikape,  
ak Depatman Ansèyman Primè ak Segondè  
(Department of Elementary and Secondary  
Education (DESE))  
Massachusetts pwodui

## KONSÈY: Enfòmasyon sou Tranzisyon

pou Paran ak Elèv ki benefisye Pwogram

Edikasyon Endiviyalize (Individualized

Education Program (IEPs))

(14-22 Lane)

Remisión basada en el Capítulo 688



# Rekòmasyon Chapit 688: Sa

## ou bezwen konnen....

### 1ye KONSÈY: Dekouvri etap pwosesis rekòmasyon Chapit 688 la:

- Kòmansè pale de rekòmasyon Chapit 688 la avèk pèsònèl lekòl la nan reyinyon Ekip Pwogram Edikasyon Endividalize yo nan kòmansman segondè pou yo decide bay ki ajans pou granmoun ki pi apwopriye pou yo voye rekòmasyon an.
- Lekòl la dwe voye rekòmasyon an anliy omwen 2 lane avan elèv la kite segondè oswa lè li gen 22 lane.
- Paran an oswa responsab legal la dwe siyen rekòmasyon an avan yo voye li.
- Si Ekip Pwogram Edikasyon Endividalize a pa kapab decide sou chwa yon ajans pou granmoun pou yon elèv, yo dwe voye rekòmasyon Chapit 688 la bay Biwo Planifikasyon Tranzisyon an ki ap chwazi ajans yo decide ki reponn a bezwen elèv la pi byen.

Pwosesis Chapit 688 la ede elèv ki andikape antre an kontak ak ajans pou granmoun ki apwopriye a avan yo kite segondè.

### 2yèm KONSÈY: Enfòmasyon sou ajans pou granmoun:

- [Depatman Sèvis Devlopman \(Department of Developmental Services \(DDS\)\)](#) an bay moun ki gen andikap entèlektyèl ak twoub devlopman soutyen, tankou moun ki gen Twoub Espèk Otistik.

- [Komisyon Reyadaptasyon Massachusetts \(Massachusetts Rehabilitation Commission \(MRC\)\)](#) la ede andikape viv epi travay yon fason ki endepandan apati sèvis reyadaptasyon pwofesyonèl ak lavi nan kominote.
- [Depatman Sante Mantal \(Department of Mental Health \(DMH\)\)](#) bay sèvis ak soutyen pou reponn a bezwen sante mantal moun tout laj pou ede yo viv, travay epi patisipe nan aktivite kominote yo a.
- [Komisyon Massachusetts pou Avèg \(Massachusetts Commission for the Blind \(MCB\)\)](#) bay avèg sèvis reyadaptasyon ak sèvis sosyal pou ede yo vin pi endepandan epi pou yo angaje yo nan kominote yo a.
- [Komisyon Massachusetts pou Soud ak Moun ki Tande Di \(Massachusetts Commission for the Deaf and Hard of Hearing \(MCDHH\)\)](#) ofri gran piblik la sèvis kominikasyon, edikasyon ak pledwaye ki aksesib pou rann pwogram, sèvis ak opòtinite aksesib nèt pou soud ak moun ki tande di.
- [Depatman Timoun ak Fanmi \(Department of Children and Families \(DCF\)\)](#) bay jenn granmoun, 18-22 lane, ki pase de gad Depatman Timoun ak Fanmi a yon vi endepandan soutyen.

### 3yèm KONSÈY: Dekouvri responsablite fanmi an aprè lekòl la fin fè rekòmasyon Chapit 688 la:

- Pou ou sèten yo resevwa rekòmasyon an, kontakte ajans sèvis pou granmoun epi/oswa kontakte ajan entèmedyè nan ansèyman espesyalize lekòl ou a.
- Akoz yon rekòmasyon 688 pa yon demann kalifikasyon pou ajans epi li p ap debouche sou sèvis pou granmoun, fanmi yo dwe soumèt yon demann kalifikasyon nan ajans pou granmoun yo vle a. Lè sa,

ajans lan ap detèmine si andikape a ap kapab benefisye sèvis pou granmoun nan ajans sa a.

- Yon fwa fanmi an voye demann kalifikasyon an, li dwe ale nan ajans sèvis pou granmoun nan kèk semèn aprè pou asire yo te resevwa fòm yo.

### 4 yèm KONSÈY: Dekouvri kòman pou ou antre an kontak ak lòt resous kominotè.

- Obtenga acceso a los servicios de vida independiente y empleo a través de los [Centros para vivir independientemente](#), [MassHire](#), [tutoría entre pares](#) o grupos de jóvenes o jóvenes adultos. Jwenn aksè a sèvis lavi endepandan ak travay gras a [Sant Vi Endepandan \(Independent Living Centers\)](#), [MassHire](#), [èd kòlèg](#), oswa gwoup jèn/jenn granmoun.
- Moun kapab aplike dirèkteman tou pou sèvis gras a Komisyon Reyadaptasyon Massachusetts, Depatman Sante Mantal oswa Depatman Sèvis Devlopman si Ekip Pwogram Edikasyon Endividalize a pa jije yon rekòmasyon Chapit 688 nesèsè.



Yon rekòmasyon 688 pa yon demann kalifikasyon pou ajans pou granmoun.

## Egzanp rekòmandasyon Chapit 688

**Tavon** (16 lane) soufri otis san defisyans entèlektyèl. Li benefisye yon Pwogram Edikasyon Endividyalize epi li ta dwe resevwa yon diplòm etid segondè nòmal lè li gen 18 lane. Tavon reyisi nan etid li, men li gen difikilte ak repè sosyal ak fonksyonman egzekitif epi li ap bezwen soutyen pou li travay 20 è d tan pa semèn oswa plis. Ekip Pwogram Edikasyon Endividyalize a dakò yo dwe voye rekòmandasyon Chapit 688 la bay Depatman Sèvis Devlopman.

**Cameron** (17 lane) benefisye yon Pwogram Edikasyon Endividyalize epi li enskri nan lekòl segondè altènatif ki nan distri li a. Akòz gwo pwoblèm sante, li rate plizyè jou lekòl epi li ap bezwen yon ane anplis pou li ratrape reta li a pou li kapab gen yon diplòm etid segondè nòmal lè li gen 19 lane. Cameron ap resevwa aktyèlman sèvis gras a Depatman Sante Mantal, epi Ekip Pwogram Edikasyon Endividyalize a dakò li ap bezwen sèvis Depatman Sante Mantal aprè li fin kite segondè. Yo ap voye rekòmandasyon Chapit 688 la bay Depatman Sante Mantal.

**Aliyah** (19 lane) nan dezyèm ane pwogram 18-22 lane nan lekòl li a. Li gen yon andikap entèlektyèl epi li ap kite segondè lè li gen 22 lane. Vizyon Aliyah se jwenn yon travay epi viv yon fason ki endepandan, men li ap bezwen gwo soutyen pou li atenn toude objektif sa yo. Ekip Pwogram Edikasyon Endividyalize a dakò pou yo voye rekòmandasyon Chapit 688 la bay Depatman Sèvis Devlopman.

**Julián** (19 lane) gen plizyè andikap fonksyonèl. Li ap benefisye sèvis lekòl li ofri jiskaske li gen 22 lane epi li ap bezwen gwo soutyen aprè li fin kite lekòl segondè. Ekip Pwogram Edikasyon Endividyalize a pa konnen ki

ajans pou granmoun ki ta pi byen plase pou ede Julian, kidonk yo ap voye rekòmandasyon Chapit 688 la bay Biwo Planifikasyon Tranzisyon (Bureau of Transition Planning (BTP)) an.

**Sadie** (16 lane) gen yon twoub aprantisaj. Li te patisipe nan Sèvis Tranzisyon Avan Travay Komisyon Reyadaptasyon Massachusetts la apati lekòl segondè li a. Ekip Pwogram Edikasyon Endividyalize Sadie a dakò li ap bezwen soutyen pou li travay pandan 20 è d tan pa semèn oswa plis, kidonk lekòl la voye yon rekòmandasyon Chapit 688 bay Komisyon Reyadaptasyon Massachusetts.



## Resous

LINK Center, yon pwojè tranzisyon Federasyon pou Timoun ki Andikape <http://fcsn.org/linkcenter/home/getting-started/age-of-majority/>

Sitwèb sou Tranzisyon nan Ansèyman Segondè Espesyal nan Depatman Ansèyman Primè ak Segondè nan Massachusetts <http://www.doe.mass.edu/sped/secondary-transition/>

Rekòmandasyon Depatman Ansèyman Primè ak Segondè nan Massachusetts sou Chapit 688 <http://www.doe.mass.edu/sped/iep/688/>

Biwo Planifikasyon Tranzisyon  
<https://www.mass.gov/service-details/bureau-of-transitional-planning>

### Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education

75 Pleasant Street

Malden, MA 02148

781-338-3000 | [www.doe.mass.edu](http://www.doe.mass.edu)



### Federation for Children with Special Needs

The Schrafft Center

529 Main Street, Suite 1M3

Boston, MA 02129

800-331-0688 | [www.fcsn.org](http://www.fcsn.org)



FEDERATION FOR CHILDREN  
WITH SPECIAL NEEDS